# ТҮКЛИ ГИЛЕМНИҢ ТОҚЫЛЫЎ СИСТЕМАСЫ ҲӘМ ТЕХНИКАЛАРЫ

**Наўрызбаева Нуржамал Қудайбергеновна**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институтының таяныш докторанты*

Ҳәзирги күнде дүньяның тоқымашылық раўажланған мәмлекетлеринде түкли гилемниң көплеген түрлери ушрасады. Тийкарынан бул түрдеги гилемлер бай-дәулетли инсанлар, сарайлар ҳәм ибәдәтханалар ушын ысытыў ҳәм безеў буйымы сыпатында кең түрде пайдаланылған. Түкли гилемлер басқа түрдеги гилем түрлеринен кескин парық қылады. Ең тийкарғы парқы гилем жүзинде түклердың бөртип турыўы ҳәм оны ҳәрқыйлы тутыныў өними сыпатында пайдаланылыўы. Ф.В. Гогелдиң жазыўынша: «Гилемлер көплеген мақсетке ийе. Форма ҳәм сүўретине муўапық түрде өзгереди бирақ ең көп ислетилетуғын мақсети- еден қапламасы сыпатында қолланылыўы» [Гогель, 1950.-11]. Әлбетте, гилемшилик бул әййемги өнерметшилик түри болғаны ушын бул ўақыттағы инсанлар өзлериниң тәбийий зәрүрликлеринен келип шыққан тәризде, тәбияттың унамсыз қубылысларынан қорғаныў мақсетинде дәслебинде қамыслардан, кейиншелик кийизлерден төсеклер орнында пайдаланған болса, жип жаратыўды өзлестириў тоқымашылықтың раўажланыўына түртки болды. Кенеп, қышытқы от ҳ.т.б. өсимлик түрлери дәслепки тоқымашылық ўәжлери болған [Узбекистон гиламдузлиги, 2020.24]. Жипти өзлестириўден кейинги басқыш, төсеклер, ягный, гилемлер жиплерден исленип баслаўы болды. Инсанлар өзлерине қолайлы болған сондай-ақ тәбийий зәрүрликлерин қанаатландырылғаннан соң әпиўайы көринисдеги гилемлердиң функциясы, формасы қурамаласып барды. Ең әпиўайы гилемлер қатарына түксиз гилемлердиң айырым түрлери киреди, олар узақ ўақыттан бери көплеп мәмлекетлерге белгили болған. Гилемшиликтиң қурамалы түри түкли гилем болып, ҳәмме жерде ушырамайды. Әййемги заманлардан бери ол Кавказда, алдыңғы, орта, Орайлық Азияда кең тарқалған [Мошково, 1970.-9]. Соның менен бирге, Хорезм, Арал әтирапындағы археологиялық ҳәм этнографиялық экспедициялар нәтийжесинде Қарақалпақстан аймағынан орта әсирге тийисли түкли гилем қалдықлары табылған. Бул бойынша Е.Е. Незарик группасы тәрепинен қазылған IV-V әсирге тийисли Барақтам-1 естелик залға тутас ханада жүннен исленген түкли гилем бөleклери табылыўы мысал болады. Гилем көк, қызыл, алтын реңлерде өсимлик бояўлары менен боялған [Толстов, 1962.-241]. Бирақ, орта әсирлерде қарақалпақ жерлеринен табылғаны менен түкли гилем тоқыў усы әсирлерден баслап раўажланғанынан дерек бермейди. Себеби, «XIX әсирде ҳәм XX әсирдиң басында тоқымашылық барлық қарақалпақ аўылларына таралған еди» [Өтемисов, 1991.-80]-деп жазады илимпаз А.Өтемисов. Қарақалпақлар арасында түкли гилем тоқыў оғада ен жаймағаны менен өз алдына орны бар. Сондай-ақ, гилем тоқыў процессиде системаластырылыўға итибар менен қаралыўы тийис. Себеби, система бул – гилем тоқыўдың басламасы болады. Бул ҳаққында Мойнақшы гилемши Сапарниязова Гульчехра айтып берди: «Гилем жерде тоқылатын үскенеде болсын яки тик турыўшы үскенеде де тоқылыўына қарамастан үш түрли сабақ болыўы шәрт. Булар: ерис (тийкарғы) сабақ делинеди. Ол горизонтал түрде жайғастырылады. Вертикал ҳалда жайласқан жип арқаў деп аталады ҳәм орайында жайласқан гүли жип (түр жип) делинеди. Тоқыўшы усы системаны өз орнына қойған тәризде жумыс баслаўы мүмкин» [Дала жазыўы, 2024.-№9]. Егер гилем жүннен исленип атырған болса, қарақалпақларда үш түрли жипте жүннен болады, ал түркменлерде бул өзгеше болады. Гилемши Кемалова Ханша төмендеги пикирди билдирди: «Мен Түркменстанда жасаған ўақытларымда соны билдим түркменлердиң гилеминиң жоқары сапада, беккем болыўының себеплериниң бири ерси ҳәм арқаў жиплер жүннен болады, ал гүли жипти көпшилик жағдайларда жипектен қояды. Жүн жипке қарағанда жипек жип жиңишке, тығыз, беккем болады екен» [Дала жазыўы, 2024.-№10]. Соның ушын болса керек, дүнья жүзинде жипек гилемлер жоқары баҳаланады. Система баслы рөлди атқарғаны ушын да гилемди тоқыў техникасы өзгериўи мүмкин, бирақ система сол қәлпинде қалады.

«Қолда тоқылған гилемлердиң түклериниң узынлығы бойынша келте түкли (3-5 *мм*) ҳәм узын түкли (7-11 *мм*) ге бөлинеди, соның менен бирге 15-18 *мм* гилемлерде ушрасады. Келте түкли гилем ҳәм гилем өнимлери 1 $дм^2$ ушын 2500 ден 10000 түйын аралығында таярланады. Олар тийкарынан дийўал ҳәм мебеллерди қаплаў ушын ислетиледи. Жатақ орнының үстин қаплаўшы жайыўша, дастурхан, дийўал гилемлер болып табылады. Бундай гилемлердиң тийкарғы майданы 0,5-2,5 $м^2$, орташа өлшеми – 100Х60, 135Х70, 100Х90, 180Х100 *см* ҳ.т.б. Еден қапламасы ушын арналған узын түкли гилемлердиң түйини 1 $дм^2$ ға 900 дан 2400 шекем болады улыўмалық орны 3-20 $м^2$. Узынлығы ҳәм келтелиги ортасындағы парқы бир сызықтан аспайды. Мәселен: 350х250, 370х270, 400х300, 450х350, 500х400 *см*» [Левин, Свердлин, 1960.-25]. Түйинлер қанша тығыз болса, гилем тоқыў процеси созылып, көп ўақыт сарыпланыўы мүмкин. Бирақ гилемниң сапасыда соған жарасықлы жоқары болады. Түйинлер саны гилемниң көлемине байланыслы болады. Қарақалпақ, өзбек гилемлеринде 1 см ге 3-4 түйиннен болатуғын болса, түркмен усталары 1 см ге 6-7 түйиннен 12 түйинге шекем жалғастырады [Дала жазыўы, 2024.-

№11]. Демек, түкли гилемлер түйинлер арқалы тоқылатуғын болса, ал сол түйинлердиң түйилиўине байланыслы түкли гилемлер тоқыў техникасы келип шығады. Техникалар тоқылып атырған гилемниң қандай материалдан исләниўине ҳәм сол территорияға тән болған усылға байланыслы пайда болады. Солардың бири – ең ески усыл есапланатуғын илмекли тоқыў усылы деп аталады. «...Әййемги (архаик) варианты тийкар сыпатында арқаў жипге қосымша тәризде таўардың сыртына илмек сияқлы жип шығып турады» [Узбекистон гилам дузлиги, 2020.-32]. Басқа жағдайларда түк тийкар жиплерге, олардың бир яки бир неше қатарлары арасынан горизонтал тәризде бириктирилетуғын түк пайда етиўши (шәртли рәўиште түйин деп аталады) жиплерде пайда болады». Екинши вариант, ҳәзирги күнде кең тарқалған усыллардың бири. «Тийкар жиплерге, олардың бир яки бир неше қатарлары арасынан горизонтал тәризде бириктирилетуғын түк пайда етиўши жип бир ярым яки еки қатардан айландырылып алып келинеди ҳәм тоқыўшыға керекли муғдардағы жип (түк) қалады, аўысып қалған тәрепи кыйып алып тасланады» [Дала жазыўы, 2024.-№11]. Буны халық арасында түйинли тоқыў деп те атайды. Бул усылдың өзи симметриялық ҳәм асимметриялық [Большая советская энциклопедия, 1926] усыл болып екиге бөлинеди. Бирақ, бул атамалар ҳәрқийли орынларда түрлише атама менен аталып келген. Мысалы, В.Г.Мошкова «Түкли түйинли гилемлердиң Орта Азияда еки типи болып: Еки қабатлы (түркменше-дуачитме), бир ярымли (түркменше-ярачитме)» [Мошково, 1970.9]. Ф.Б.Гогелдиң кытабында төмендегише қатарларды көрсек болады: «Түрли мәмлекетлерде ҳәрқийли шырайлы гилемлер жасайды. Солардың биреўлери сенне түйини арқалы болса, ал биреўлери гиёрдес түйини арқалы пайда болады» [Гогель, 1950.-14]. Бул жерде түркмен тилинде ярачитме деп аталып турған термин ассиметриялық усылдың бир аты, сондай-ақ басқа әдебиятларда бул термин аты ҳаққында бирнеше вариантлар бар. Россия илимпазлары тәрепинен бул термин ҳаққында бирнеше пикирлер билдириледи; «Асимметриялық (сондай-ақ, парсы ҳәм гордес, ярачитме ҳәм бир ярым) “Солар” қәўиминиң тоқыўшылары тәрепинен үйренилген ҳәм сөзсиз бул қәўимниң белгиси болды. Шығыс гилемшилик тарийхында ассиметриялық түйинли гилемниң раўажланыўы Иран гилемшилик дәстүрлери менен байланыслы» [Котин, Родионов, Царева, 2006.-21]. Бул техниканың атамасы бойынша профессор Эльмира Гюльдиң пикиринше «Сондай-ақ, белгили Парсыбап («Парысша түйин»), Сенне (Иран қаласы), Ярачитме («бир ярым»). Этниклигине қарамай парсыларда, Түрклерде бул түйинен пайдаланған» [Гюль, 2023.-21]. Жоқарыда айтылған алымлардың пикириниң дусласпайтын тәрепи рус алымлары тәрепинен айтылған пикирде сенне түйинин гордес түйини деп атайды, ал Э.Гюльдиң энциклопедиясында келтирилгениндей сенне түйини деп келген. Логикалық байланыстыратуғын болсақ, негизинде Сенне бул Иран қаласы. Демек, ассиметриялық усыл Иранлылыр тәрепинен биринширлерден тоқылғаны ушын Иран қаласының аты берилген. Рус алымлары тәрепинен терминди пайдаланыўда техникалық қәтеликке жол қойылған болыўы мүмкин.

Симметриялық [Большая советская энциклопедия, 1926] усылда асимметриялық усыл сияқлы бирнеше атама менен аталып келинген. «Сондай-ақ, түркибап (Түрикше түйин) гиёрдес, гиордес (батыс Түркияның қаласы) дуочитме (екиқабат)» [Гюль, 2023.-183]. Демек, асимметриялық усыл сияқлы бул усылда өзиниң пайда болған жериниң аты менен аталады. Соның менен бирге Е.Царlivаның баҳалы мағлыўматына қарайтуғын болсақ: «Түкли гилемлерде симметриялық түйиннен пайдаланатуғын түркмен қәўимлери сарылар, иомудлар, игналар. Түркменлер симметриялық усылдың жалғыз «пайдаланыўшылары» емес; бул түйиннен Киши Азия, закавказьениң бәрше тоқыўшылары сондай-ақ, Түркменлердиң арқадағы қоңсысы Қарақалпақлар пайдаланған» [Котин, Родионов, Царева, 2006.-21]. Соның менен бирге, Қарақапақ ҳәм Түркменлердиң бул техникадан пайдаланғанлығының бирнеше себеби болыўы мүмкин. Демек, дәслепки себеплериниң бири, еки халықтың бир аймақта турмыс кеширгенлиги. Бул ҳаққында төмендегише тарийхий фактлерди болжаўлар тийкарында көрип шығамыз.

1-болжаў, «Тарийхый мағлыўматлар соны көрсетеди, еки этник топар ортасында жақын байланыс болған орталық Арал теңизиниң қубла тәрепи, итимал, әййемги Әмиўдәрия-Сирдәрия дельтасы болған. Бизге мәлим болғанындай, сарылар бул орынды оғузлар дәўиринде таслап кетген болса, қарақалпақлар бул аймақта б.э.ш 1-мыңыншы жыллардан берли жасап келгенлин көриўимизге болады. Олар бул зонаны ҳеш қашан тәрк етпеген ҳәм Арал теңизиниң турғынлары деп есаплаў мүмкин. Түркменлердиң бир бөлеги оғузлар менен кеткеннен соң, қарақалпақлар сол дәўирге шекем ислеген түкли гилем версиясын әмелде қолланыўды даўам етген болыўы мүмкин» [Котин, Родионов, Царева, 2006.-25]. Бул пикирдиң дәлили болады, Тахтакөпир аймағында жайласған Барақтам-1 қонысынан табылған дуачитме техникасында исленген түкли гилем [Узбекистон гиламдузлиги, 2020.-72]. 2-болжаў, әййемги дәўирден баслап Орта Азияны басып алған династиялар қолында Түркменлер менен Қарақалпақлар бирге өмир сүриўи де бир техниканың бир халық ушын ортақ болыўына мысал болады. Б.э.ш VI Ахаманийлер династиясының Орта Азияға топылыс нәтийжесинде конфедерация, яғный, үлкен Хорезм қулайды [Қарақалпақстан АССРы тарийхы, 1975.-196]. Хорезмге Түркменстан, Қарақалпақстан аймақлары кирген. Бирақ, айырым әдебиятларда Орта Азияда түкли гилемлердиң ислеп

шығарылыўына тиккелей Ахамийлердиң тәсири болмағанлығын көрсетеди. «Б.э.ш VI-IV әсирлерде Түркменстанның бир бөлеги Ахаманийлер империясының қурамына киреди. Ахаманийлердиң тоқыўшылыққа анық тәсири анықланбаған. Бирақ, дәслепки түкли гилемлер Ахаманийлерде ушырасады» [Руденко, 1953.-53] - деген мағлыўматларда бар. «Б.э.ш IV әсирде Хорезм жерлери Александр Македонский империясына, кейиншеллик Бактрия, Кушан патшалықларына өтеди» [Пилипко, 1994.-76]. Сондай-ақ, әййемги дүньяның гилемшилигиниң тийкарғы баслаўшылары бул- илимпазлардың изертлеўлери бойынша Бактрия болып табылады. Демек, алым Э. Гюль төмендегише пикир билдиреди: «Бактрия әййемги дүньяның ең үлкен гилемшилик районларынан бири болған. Булар тийкарынан кестешилик ҳәм түкли (түйинли, соның қатарында бирқабатлы) пахса гилемлери болып, бай графикалық диапазонына ийе» [Гюль, 2019.-21]. Демек, тарийхий дереклерде жазылыўынша Бактрия мәмлекети өзинде эстетикалық байлықлары менен көзге көрингенлигиниң, және Бактриялылырдың гилем жаратыўдағы техникасының басқа халықларда пайдаланыўы ҳаққында тарийхий дәлиллерди көрип шығыўымыз зәрүр. «Бактрия гилемлериниң өзине тән қәсийети түкли гилемлер конструкцияларында ҳәр түрли түйинлерден пайдаланыўы болған, асимметриялықтиң ашық шептен тоқылыў түри үстинлик қылады. Айырым гилемлер тек ғана симметриялық усыл менен тоқылған» [Царева, 2009.-78]. Буннан көринип турыпты қарақалпақ ҳәм түркменлерди бирлестириўши техника тиккелей турде Бактриялықлардан өзлестирилген болыўы мүмкин.

Еки усылда, Орта Азияда кең тарқалған. Бирақ, еки техника еки қыйлы болып тоқылады соның менен қатар тоқылыў жағдайларында айырмашылық жүда үлкен. Түйинли тоқылыўдың бир-биринен парқы ҳаққында гилемши шебер Машарипова Зульфияның берген мағлыўматларында төмендегише делинеди: «Асимметриялық техника-жүда қарапайым, гилемди тез питирмекши болған шеберлер ушын қолайлы бирақ, қәўипли тәрепи сонда жарамлылығы төмен, тез сөтилип кетиў итималлығы жоқары. Еспе жипти тийкарғы жиптиң алдынғы қатарынан айландырып, екинши жиптиң артынан өткерилиў арқалы исленеди. Ал, симметриялық усыл қурамалы болып, беккем тоқылыўы менен ажыралып турады. Ол еспе жипти тийкарғы жиптиң биринши қатарынан ҳәм екинши қатардың үстинги тәрепинен теңдей айландырылады. Түркмен гилемлериниң беккем болыўының сырларының бири, бул симметриялық усылда гилемниң жаратылыўы. Айырым жағдайларда гилем тоқыўда техника таңлаў бул жипке де байланыслы болады. Егер тийкарғы жибиңиз жүннен болатуғын болса, ассимметриялық усылдан пайдаланылады, себеби жүн катты, өзин жақсы услап туратуғын шийки зат өними болғанлығы ушын бул усыл қолланылса да, гилем өзин беккем услап турады. Ал, тийкарғы жиби пахтадан таярланса, пахта сыйпақ, жумсақлығы ушын симметриялық техникада ислесе жип беккем болып түйинленеди. Түйин қаншелли беккем болса, гилем сапасы жоқары болыўына тәсир көрсетеди. Мысалы, ақбасқурлардың тийкарғы жиби пахтадан болғаны ушын симметриялық техникада исленеди» [Дала жазыўы, 2024.-№11].

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, халық гилемлери өнерментлер тәрепинен тоқтаўсыз раўажландырып барылады, олар гилемниң дәстүрий нағысларын, реңлерин жаңалап, толтырып қол өнерин классикалық шығармалар менен байытып отырады. Сол жоқары дәрежедеги композиция, безеў нағысларының шебер стилизациясы ҳәм ҳәр түрлилиги менен ажыралып турыўшы гилем жаратыў жүда қурамалы ис. Бундай эстетикалық заўық бериўши гилемлерди жаратыўда дәслеп гилем реже тийкарында системаластырылыўы зәрүр. Ал ең әҳмийетли процесс гилем техникасын дурыс қолланыўдан ибарат болады.

ӘДЕБИЯТЛАР


1. Гогель Ф.В. Ковры. М.: Архитектура и градостроительства, 1950.
2. Узбекистон гиламдузлиги: асрларга тенгдош анъана». Ташкент: Zamon-press-Info Nashriyot uyi, 2020.
3. Мошков В.Г. Ковры народов Средней Азии конца XIX-начала XX вв. Ташкент: Фан, 1970.
4. Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. М.: Изд-во Восточной литературы, 1962.
5. Өтемисов А. Қарақалпақлардың өнер-кәсиплери, Нөкис: Билим, 1991.
6. Наурызбаева Н. Дала жазыўлары. 2024. №9. Информатор Сапарниязова Г. Мойнақ районы.
7. Наурызбаева Н. Дала жазыўлары. 2024. №10. Информатор: Кемалова Х. Нөкис қаласы.
8. Левин Л.М., Свердлин В.Л. Ковры и ковровые изделия, М.: АН СССР, 1960.
9. Наурызбаева Н. Дала жазыўлары. 2024. №11. Информатор: Машарипова З. Тахиятас районы.
10. Большая советская энциклопедия: в 66 т. (65 т. и 1 доп.) / гл. ред. О.Ю.Шмидт. — М.: Советская энциклопедия, 1926.
11. Котин И.Ю., Родионов М.А., Царева Е.Г. Социум и окружающий мир в традициях Центральной, Южной и Юго-Западной Азии. Санкт-Петербург: Наука, 2006.
12. Гюль Э.Ф. Художественная энциклопедия. Термины традиционного искусства Узбекистана / Энциклопедия / Ташкент: Zamon-Press-Info Nashriyot uyi, 2023.
13. Қарақалпақстан АССРы тарийхи, I Том. Нөкис: Қарақалпақстан, 1975.
14. Руденко С.И. Культура населения Горного Алтая в скифское время. М.: АН СССР, 1953.
15. Пилипко В.Н. История Туркменистана в античный период: (Краткий очерк). Ашхабад: Ылым, 1994.
16. Гюль Э. Ковры Узбекистана история, эстетика, семантика. Ташкент: Renessans press, 2019.
17. Царева Е.Г. Ворсовые ковры с сюжетом льва и тигра в центрально-азиатских тканях кушанского времени // Азиатский бестиарий: Образы животных в традициях Южной, Юго-Западной и Центральной Азии. Санкт-Петербург: СПб., МАЭ РАН, 2009.